

Pou Piblikasyon Imedya: 01/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE MOUN NEW YORK YO PATISIPE NAN WIKENN ERAB YO POU SIPÒTE ENDISTRI AGRIKÒL AK TOURISTIK YO**

*Gouvènè Adjwen an Selebre Pwodiktè nan Pwogram lan yo epi Lanse Wikenn Erab Ki ap Vini yo avèk Premye Jemaj Seremonyal Sezon an*

*Patisipasyon nan Pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York lan Plis Ke Triple; Pwodiksyon Siwo Erab Kontinye Ogmante Rive nan Kantite Rekò yo*

*Nou Ankouraje Moun New York yo Al Patisipe nan Wikenn Erab yo Ki Ap Fèt nan Prèske 180 Lokalite Atravè Eta a nan Dat 23-24 Mas ak 30-31 Mas*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke patisipasyon pwodiktè erab yo nan Pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la (New York State Grown & Certified) te pliske triple depi ane pase, ak plis pase 50 pwodiktè ki soti toupatou nan Eta a ki kounye a ap patisipe nan pwogram komèsyalizasyon an. Pwogram lan ap ogmante vizibilite pwodiktè erab New York yo, ki klase dezyèm nan nasyon an nan pwodiksyon siwo epi jenere yon enpak ekonomik yo estime a 141 milyon dola chak ane. Wikenn Erab Anyèl yo ki pwograme pou 23-24 Mas ak 30-31 Mas la yo pral ede mete endistri siwo erab la sou devan sèn lan, epi ranfòse sansibilizasyon pou pwodiktè ki nan pwogram Kiltive ak Sètifye a yo.

“Pwodiktè erab ki ap travay di nou yo ap kreye kèk nan pi bon pwodwi yo ki genyen nan mond lan epi yo se yon pati entegral nan endistri agrikòl ak touristik Eta a”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak prèske 200 lokal ki ap òganize aktivite pandan mwa pwochen an, mwen ankouraje moun New York yo ansanm ak touris yo pou yo al vizite yon fèm lokal epi eksperimante pèsònèlman tradisyon sa a ki la depi lontan epi sipòte ekonomi lokal yo.”

Pou ka selebre Wikenn Erab ki ap vini yo, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te patisipe nan premye jemaj pye bwa erab seremonyal nan sezon an nan Smith's Maple Farm ki nan Boston, Konte Erie.

“Li se toujou yon gwo pwen nan sezon prentan mwen pou mwen vizite fèm yo atravè eta a epi selebre Wikenn Erab yo”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare, li menm ki te patisipe nan aktivite jemaj pye bwa erab nan Smith's Maple Farm pou lanse selebrasyon an.** “Mwen patisipe regilyèman nan dejene krèp anyèl lan pandan epòk sa a nan ane a pou ka ekspoze pakèt itilizasyon ke siwo erab genyen. Mwen te wè pèsònèlman jan fèm yo ki ap travay di nou yo ansanm ak fanmi yo te fè endistri erab lan vin yon gwo pwen fyète nan eta nou an. New York se dezyèm nan

nasyon an pou pwodiksyon siwo erab, sa ki ap kreye travay epi devlope ekonomi an. Nou pral kontinye envesti epi devlope endistri an pou asire reyisit ki ap kontinye.”

Pandan mwa Mas la, fèm siwo erab atravè eta a yo pral ouvri pòt yo pou popilasyon an vin vizite yo epi manje dejene krèp, vann pwodwi siwo erab, epi demontre pwosesis kijan yo fè siwo a, ki gen ladan sistèm tradisyonèl kote yo pandye bokit nan pye bwa yo oswa metòd pwodiksyon ki pi modèn kote yo itilize sistèm aspiratè yo pou yo ka ogmante randman sèv nan chak pye bwa. Pandan semèn pwochèn yo, Komisè Agrikòl la Richard Ball pral vizite tou fèm erab yo pou selebre reyisit endistri erab la nan New York.

Wikenn Erab yo pral fèt 23-24 Mas ak 30-31 Mas nan plis pase 180 fèm siwo erab ak mize ki toupatou nan Eta a. Yo prewva ap gen plis pase 400,000 vizitè ki pral patisipe nan aktivite Wikenn Erab yo, sa ki ap ranfòse touris agrikòl atravè eta a. Gen yon lis ke ou ka fè rechèch ladan sou aktivite Wikenn Erab yo ki disponib [la a](#).

### **Pwomosyon pou Siwo Erab yo**

Pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la ap pwomouwva pwodiktè agrikòl ak kiltivatè New York yo ki respekte estanda sekirite pwodwi alimantè ak dirabilite anviwònmantral yo. Pou erab yo, yo dwe kolekte siwo a nan pye erab New York yo epi trete li nan Eta New York. Pou satisfè estanda sekirite pwodwi alimantè yo, patisipan yo dwe reyisi konplete yon klas sou sekirite pwodwi alimantè erab yo, devlope an patenarya ant Cornell Cooperative Extension la ak Asosiyasyon Pwodiktè Erab nan Rejyon Lwès New York la (Western New York Maple Producers Association), epi yo dwe respekte pi bon pratik pou sekirite pwodwi alimantè yo ki sijè a yon evalyasyon sou plas.

Yon pwodiktè siwo erab dwe patisipe tou nan yon pwogram jesyon anviwònmantral ki pwomouwva dirabilite epi kenbe forè yo an sante ak pwodiktif, tankou pwogram Jesyon Agrikòl ak Anviwònmantral (Agricultural Environmental Management, AEM) Eta New York la, ki administre pa Distrik Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo yo (Soil and Water Conservation Districts), oswa Fèm Pepinyè ki Sètifye (Certified Tree Farmer), ki administre pa Sistèm Fèm Pye Bwa Ameriken an (American Tree Farm System).

Gen yon lis pwodiktè siwo erab aktyèl ki te rejwenn pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la ki disponib [la a](#).

An plis, Mache Taste NY Sant Akèy Eta a yo pral mete aksan sou erab pandan tout mwa Mas la. Mache yo pral fè pwomosyon espesyal yo, ofri moun goute pwodwi erab yo, epi pataje enfòmasyon sou aktivite erab rejyonal yo.

**Komisè Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets) Richard A. Ball te deklare,** “Mwen ankouraje tout moun al sipòte pwodiktè erab lokal yo nan soti epi al pwofite de tout òf erab delisye yo nan mwa sa a—soti depi nan dejene krèp pou rive nan vizit edikatif yo. Erab yo se premye rekòt agrikòl nan sezon an epi nou gen gwo pwodiktè ki ap travay di pou fè pwodwi ki pi dous yo. Nou fyè pou nou pwomouwva efò yo ap fè nan sekirite alimantè ak dirabilite anviwònmantral atravè Pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la, epi ede devlope biznis yo”.

**Prezidan Komite Agrikilti nan Sena a Jen Metzger te deklare,** “Erab New York lan soti prensipalman nan ti biznis ke fanmi jere yo, epi an plis de pwodwi yon gwo varyete pwodwi ki delisyè, erab ki pi yo se yon resous dirab ki renouvlab ki ap kontribiyè nan prezèvasyon forè yo. Wikenn erab lan se yon bèl peryòd nan ane a pou popilasyon an ka pwofite pou vizite fèm yo, pou demonstrasyon pwosesis kreyasyon sik erab lan ak tradisyon yo, epi asireman...fè ti goute”!

**Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Donna Lupardo te di,** “Wikenn erab lan se yon aktivite ke nou pa ka rate nan Rejyon Nò New York. Pwodwi erab yo pami pwodwi ki pi popilè yo nan magazen Taste NY ak mache fèm yo atravè Eta a, epi aktivite tankou sa a yo ap bay kliyan yo chans pou yo wè jan yo fè yo. Antan ke dezyèm pi gwo pwodiktè nan nasyon an, endistri erab New York lan se youn nan fòs prensipal ki dèyè ekonomi agrikòl nou an ki ap devlope a”.

**Kowòdinatè Wikenn Erab Eta New York lan Keith Schiebel te deklare,** “Wikenn Erab lan se yon gwo aktivite amizan ki konsantre sou fanmi yo ke tout fanmi yo ka pwofite de yo. Pandan de semèn, pwodiktè erab nou yo ap envite popilasyon an vin rejwenn yo sou fèm lan pou pwofite de youn nan pwodwi agrikòl ki pi dous yo - siwo erab New York ki pi yo”.

**Direktris Egzekitif Asosiyasyon Pwodiktè Erab Eta New York la, Helen Thomas te di,** “Pandan ke sezon ivènal la ap fini epi nou rekonèt sezon prentan ki ap rive a, Wikenn Erab lan bay nou opòtinite pou selebre agrikilti ak rekòt premye pwodwi alimantè ke yo te rekòlte nan nouvel sezon ki ap devlope a - siwo erab! Pwodiktè erab yo atravè New York gen anpil fyète nan demontre pwodiksyon erab apati aktivite ki ouvri pou popilasyon an nan kay yo pandan ke yo ap kreye pwodwi erab ki pi bon yo nan mond lan”.

**Prezidan Asosiyasyon Pwodiktè Erab nan Rejyon Lwès New York lan ak pwopriyetè Zimpfer's Maple Products lan Greg Zimpfer te deklare,** “Lè nou te kreye Wikenn Erab lan nan Konte Wyoming 23 an de sa, li te yon aktivite lokal pandan yon jou”, **se sa Greg Zimpfer ki nan Zimpfer Maple nan Attica, ki se ko-fondatè Wikenn Erab lan, te deklare.** “Nou pa te janm panse ke li ta pral devlope pou vin yon aktivite atravè eta a ki ap atire plizyè dizèn milye fanmi.”

Endistri siwo erab la te rive atenn yon nivo rekò nan 74 an pandan sezon 2018 la ak pwodiksyon 806,000 galon siwo erab, ki se yon ogmantasyon prèske 50 pousan sou senk dènye ane yo, selon Sèvis Estatistik Agrikòl Nasyonal (National Agricultural Statistics Service) Depatman Agrikilti Etazini an (United States Department of Agriculture, USDA). Pwodiktè erab New York lan konstitiyè anviwon 19 pousan nan kantite total nasyonal la. Kantite jemaj erab yo kontinye ogmante tou, avèk plis pase 2.73 milyon jemaj nan pwodiksyon an 2018, ki se kantite ki jemaj pi elve depi 1943.

Gouvènè Cuomo te lanse pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la an 2016 pou ede satisfè demann konsomatè yo ki ap ogmante pou pwodwi alimantè ki kiltive oswa pwodwi onivo lokal yo nan yon estanda ki pi elve. Pwogram lan sètifye pwodiktè Eta New York ki respekte estanda elve pou sekirite alimantè ak jesyon anviwònmanal yo. Depatman Agrikilti ak Mache a ap sipòte pwodiktè Kiltive ak Sètifye yo atravè yon

kanpay komèsyalizasyon ki gen ladan etikèt sou pwodwi yo, materyèl pwomosyonèl, tankou sit entènèt Kiltive ak Sètifye nan Eta New York ak lavant materyèl yo.

Ou ka jwenn pwodwi Kiltive ak Sètifye yo nan mache agrikòl yo ak gwo magazen vant an detay yo ki gen pami yo Tops Friendly Markets, Price Chopper, Hannaford, Stewarts Shops, ak Shop-Rite. Pou plis enfòmasyon sou pwogram Kiltive ak Sètifye Eta New York la, vizite [certified.ny.gov](https://certified.ny.gov), oswa swiv pwogram lan sou [Facebook](https://www.facebook.com/nyagriculture), [Twitter](https://twitter.com/nyagriculture) ak [Instagram](https://www.instagram.com/nyagriculture).

Pwodiktè ki entèrese jwenn plis enfòmasyon sou kijan yo ka resewva sètifikasyon Kiltive ak Sètifye Eta New York la ak kijan pou yo kalifye ka kontakte Depatman Agrikilti ak Mache a nan (800) 554-4501 oswa imèl [NYSGrownAndCertified@agriculture.ny.gov](mailto:NYSGrownAndCertified@agriculture.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)